

Tretman kont COVID-19 yo disponib

Tretman kont COVID-19 yo kapab bese kantite viris nan kò ou, redui sentòm yo ak ede ou evite yon sejou nan lopital. Tretman an mache pi byen lè ou pran li kou w malad, donk li enpòtan pou w fè tès touswit si ou gen sentòm oswa si ou te pran kontak dènyèm ak viris la.

Si tès ou a pozitif, rele pwofesyonèl medikal ou oswa 212-268-4319 pou mande ki tretman ou ka fè.

Ki kalite tretman ki disponib?

Genyen de (2) kalite tretman:

- Pilil antiviral pou pran nan bouch — Yon medikaman ou pran chak jou pandan senk jou
- Antikò monoklonal — Yon tretman nan venn ou pran yon sèl fwa

Kiyès ki kalifye pou tretman?

Se moun ki gen laj omwen 12 an ki gen tès COVID-19 pozitif (kèlkeswa kalite tès yo fè a) e ki gen sentòm ki te kòmanse nan sèt dènye jou yo pou pi ta ki kalifye pou tretman.

Mande ki tretman ou ka fè, sitou si ou:

- Gen laj omwen 65 an
- Gen pwoblèm sante kwonik, tankou twòp gwosè, dyabèt, pwoblèm kè, pwoblèm poumon kwonik, maladi ren kwonik, sistèm iminitè afebli, oswa ou ansent

Kijan m ap jwenn tretman an?

Si tès ou a pozitif, rele pwofesyonèl medikal ou touswit pou li ede ou jwenn yon kote k ap bay tretman oswa ba ou òdonans. Ou kapab pale tou ak yon doktè NYC Health + Hospitals lè ou ale sou [expresscare.nyc](https://www.expresscare.nyc) oswa lè ou rele 212-268-4319. Pou jwenn yon kote k ap bay tretman antikò monoklonal, ale sou [on.nyc.gov/findcovidtreatment](https://www.on.nyc.gov/findcovidtreatment).

Èske mwen kapab chwazi ki kalite tretman m ap jwenn?

Pale avèk pwofesyonèl medikal ou pou deside ki tretman ki bon pou ou.

Konbyen tretman an koute?

Tretman antiviral pou pran nan bouch la gratis kounye a. Plan Medicaid ak Medicare yo kouvri tretman antikò monoklonal la gratis. Si ou genyen asirans prive, verifye avèk etablisman ki ap trete ou a ak plan sante ou sou pati pa w la nan depans yo. NYC Health + Hospitals ap bay swen kèlkeswa estati imigrasyon yon moun oswa kapasite li pou peye.



Pou jwenn yon kote ki fè tès COVID-19, ale sou [nyc.gov/covidtest](https://www.nyc.gov/covidtest) oswa rele **311**.

Vaksinasyon se pi bon mwayen pou pwoteje tèt you, fanmi ou ak kominote ou kont COVID-19. Pou jwenn yon lokal vaksinasyon, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder) oswa rele 877-829-4692.